**दिन– गुरूवार** **दिनांक–03.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे बिहार मे चलि रहल विशेष गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ राजनीतिक दल सभ के कोनो चिन्ता नहि करबाक चाही। आयोग एक प्रेस विज्ञप्ति मे कहलक अछि जे ई प्रक्रिया योजनाबद्ध तरीका सँ चरणबार आयोजित कयल जा रहल अछि। एकर मुख्य उद्देश्य सभ पात्र मतदाताक नाम मतदाता सूची मे सम्मिलित करबाक अछि। आयोग कहलक अछि जे पुनरीक्षण अभियान मे पारदर्शिता बनौने रखबाक लेल विभिन्न राजनीतिक दलक एक लाख चौबन हजार नओ सय सत्तहतरि बीएलओ नियुक्त कयल गेल छथि जे घर–घर जा कऽ गणना प्रपत्र उपलब्ध करा रहल अछि। विज्ञप्ति मे कहल गेल अछि जे एक जनवरी दू हजार तीन के प्रकाशित मतदाता सूची मे सम्मिलित कोनहुं मतदाता के गणना प्रपत्रक अलावा आन प्रकारक दस्तावेज जमा करबाक आवश्यकता नहि होयत। विदित अछि जे काल्हि कांग्रेस, राजद, समाजवादी पार्टी आ झारखंड मुक्तिमोर्चा समेत कतेको विपक्षी दल प्रतिनिधि लोकनि विशेष गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार आ चुनाव आयुक्त सुखवीर सिंह संधु तथा विवेक जोशीक संग भेट कयने छलाह।

---

प्रदेश मे चलि रहल विशेष गहन मतदाता पुनरीक्षण अभियान के लऽकऽ राजनीतिक दल सभक मध्य बयानबाजी तेज भऽ गेल अछि। लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलासक अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे पुनरीक्षण प्रक्रियाक विरोध कऽ विपक्षी पार्टी बिहार विधानसभा चुनाव मे अपन होबयवला हारक जिम्मेदारी आयोग पर लगाबऽ चाहैत अछि। ओतहि, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम कहलनि अछि जे काल्हि निर्वाचन आयोगक संग विपक्षी दलक भेल बैसार मे कोनो निष्कर्ष नहि निकलल। ओ कहलनि जे आयोगक रवैया सँ स्पष्ट अछि जे पुनरीक्षण अभियानक नाम पर करीब बीस प्रतिशत मतदाता मताधिकार सँ वंचित भऽ जयताह।

---

बिहार विधानसभा चुनाव के देखैत जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे पार्टी नेता लोकनि सँ बैसार कयलनि। बैसार मे जिला स्तर धरिक पार्टी पदाधिकारी उपस्थित छलाह। एहि बैसार मे मुख्य रूप सँ विधानसभा चुनावक तैयारीक समीक्षा कयल गेल।

———————————————————

राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष पशुपति कुमार पारस कहलनि अछि जे महागठबंधन मे सम्मिलित हेबाक लेल हुनक बातचीत चलि रहल अछि। पटना मे श्री पारस संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे ओ जल्दीए औपचारिक रूप सँ महागठबंधन मे सम्मिलित हेताह।

———————————————————

प्रदेश मे मखान उत्पादक किसानक हित मे हुनका अंतर्राष्ट्रीय बाजार सँ जोड़बाक लेल सहकारिता फेडरेशनक गठन कयल जायत। सहकारिता मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार आइ औरंगाबाद मे पत्रकार लोकनि के जनौलनि जे दरभंगा, मधुबनी, सहरसा, सुपौल, कटिहार आ पूर्णियां जिला मे एहि फेडरेशनक गठनक प्रक्रिया शुरू कऽ देल गेल अछि।

———————————————————

दरभंगाक सांसद गोपाली जी ठाकुर पटना मे पुलिस महानिदेशक सँ भेट कऽ समस्तीपुर जिलाक कर्पुरी ग्रामक गायब छात्राक सकुशल बरामदगी लेल आग्रह कयलनि। ई छात्रा दरभंगाक एक कॉलेजक छात्रा छथि। पुलिस महानिदेशक छात्राक सकुशल बरामदगीक आश्वासन देलनि।

———————————————————

रेलवे रामायण यात्रा टूर पैकेज मे माता सीताक जन्मस्थली सीतामढ़ीक पुनौराधाम आ नेपालक जनकपुर स्थित जानकी मंदिर के सेहो सम्मिलित कयलक अछि। पैकेज मे प्रभु श्री राम सँ जुड़ल धार्मिक स्थल सभक दर्शन श्रद्धालु लोकनि के कराबाओल जायत। ई यात्रा पच्चीस जूलाई के अयोध्या सँ शुरू होयत आ रामेश्वरम मे समाप्त होयत।

———————————————————

सहरसा जिलाक मत्स्य पदाधिकारी सुबोध कुमार के निगारनी विभागक टीम चालीस हजार टाका घूस लैत ठाामहि गिरफ्तार कऽ लेलक। पटनाक निगरानी टीम ई कार्रवाई

सहरसा जिलाक वनगाँव निवासी भवनाथ मिश्राक शिकायतक सत्यापनक बाद कयलक। विदित अछि जे काल्हियो निगरानी विभागक टीम मधुबनी जिलाक रहिका प्रखंडक सीओ अभय कुमार के पंद्रह हजार टाका आ नाजिर आदित्य कुमार के तेरह हजार टाका घूस लैत गिरफ्तार कयने छल।

———————————————————————

प्रोफेसर उपेन्द्र प्रसाद सिंह के पाटलिपुत्र विश्वविद्यालयक कुलपति नियुक्त कयल गेल छनि। एहि संबंध मे राजभवन सँ अधिसूचना जारी कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे सात हजार दू सय उनासी विशेष शिक्षकक नियुक्ति लेल आवेदनक प्रक्रिया शुरू भऽ गेल अछि। अभ्यर्थी बिहार लोक सेवा आयोगक बेवसाईट पर अठाईस जूलाई धरि आवेदन कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

सीमा सुरक्षा बल बीएसएफ मे कार्यरत भोजपुर जिलाक सपना कुमारी अमरीकाक अलबामा मे आयोजित विश्व पुलिस गेम्स मे तीन पदक जीतलनि अछि।

———————————————————————

समाप्त